

# Patisipe Nan Fòmasyon Nan Espas Travay



Aprann ki sa travay nan karyè ou renmen an vle di.

## Kisa Re-adaptasyon Pwofesyonèl ye?

Re-adaptasyon Pwofesyonèl (VR) se pi gwo pwogram travay ki gen nan Eta Florida a, pou konble bezwen rezidan Florida ki gen andikap yo. VR gen responsabilite pou bay moun ki gen andikap epi ki kalifye yo yon pakèt sipò pou travay ak èd pou plasman nan travay. Fòmasyon Nan Espas Travay la (On-the-Job Training, OJT) se youn nan fason pou prepare ou pou reyisi nan espas travay la.

## Kisa Fòmasyon Nan Espas Travay la ye?

Fòmasyon Nan Espas Travay la (OJT) se yon bèl opòtinite ni pou moun ki gen andikap ki ap chèche travay yo, ni pou patwon yo. Fòmasyon Espesyalize sa ede ou menm, antanke estajyè, vin gen konpetans ki nesèsè pou ou reyalize objektif pwofesyonèl ou. Pandan yon OJT, ou ap travay avèk lòt moun ki ap fè menm travay la epi ou ap resevwa yon salè konpetitif. OJT ede ou vin abitye ak anviwònman travay la pandan ou ap fè yon eksperyans nan kesyon travay ki gen anpil valè.

Nan avantaj yo, gen:

- Jwenn yon salè pandan fòmasyon an.
- Fòmasyon nan domèn ou vle a.
- Konstwi CV ou.
- Fè yon eksperyans ki gen anpil valè nan kesyon travay.
- Travay ansanm ak lòt pwofesyonèl nan domèn nan pou ou pi byen konprann karyè sa a.
- Etabli relasyon pwofesyonèl.

## Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

Konbyen tan Fòmasyon Nan Espas Travay la dire?



Dire fòmasyon an baze sou konpetans ou dwe vin genyen an, ansanm ak bezwen ou menm ak patwon an. Dire mwayèn yon OJT se sis (6) rive uit (8) semèn.

Konbyen yo ap peye mwen si mwen patisipe?



Yo pa fikse okenn to pèman pou OJT. Pèman an konpetitif parapò ak lòt moun ki ap fè menm travay la.

Èske gen garanti mwen ap jwenn yon travay nan lokal OJT a apre fòmasyon an?



Yo kapab anboche ou lè ou fin konplete fòmasyon an, men, pa gen okenn garanti.

## Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou patisipasyon nan yon OJT?

Si ou vle patisipe nan yon OJT, tanpri, kontakte konseye VR ou a. Ap gen posibilite pou li pale avèk ou sou OJT epi pou li reponn kesyon ou yo.

Si ou poko yon kliyan VR, ou kapab aprann plis sou sèvis nou yo ak fason pou ou aplike lè ou kontakte biwo VR lokal ou a. Pou ou jwenn biwo ki pi pre ou a, tanpri, vizite nou anliy sou [RehabWorks.org](http://RehabWorks.org).

## Contact Vocational Rehabilitation



850-245-3399



850-245-3392



[www.RehabWorks.org](http://www.RehabWorks.org)



Depatman Edikasyon Florida  
Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl  
Inite Relasyon Komèsyal  
325 W. Gaines St., Suite 1144  
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2022 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$ 176,521,122. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,775,094). Yo revize li ann oktòb 2022.